



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEKOUVÈT PREMYE VARYANT BREZILYEN NAN REZIDAN ETA NEW YORK

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a dekouvèt premye ka yon varyant COVID-19 P.1, ke yo rele komineman varyant Brezilyen an nan yon rezidan Eta New York. Se syantifik lopital Mount Sinai nan Vil New York ki te idantifye li epi Laboratwa Sant Wadsworth, Depatman Sante a te verifye li. Pasyan an se yon rezidan Brooklyn ki nan 90 zan san istorik vwayaj. DOH ap travay ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) Vil New York pou aprann plis enfòmasyon sou pasyan an ak kontak potansyèl yo.

"Deteksyon varyant Brezilyen an ki isit la nan New York souliyen pi plis enpòtans pou pran mezi ki apwopriye pou kontinye pwoteje sante ou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan li nòmal pou yon viris sibi mitasyon, pi bon fason pou pwoteje tèt ou se kontinye mete yon mask ki byen ajiste, evite gwo foul, kenbe distans sosyal, lave men ou epi vaksinen lè se tou pa ou."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare, "Sa se yon kous ant vaksen an ak varyant yo, e n ap kontinye fè pwogrè ki enòm pou bay vaksen nan bra Nouyòkè ki kalifye yo. Pandansetan nou raple Nouyòkè yo pou fè tout sa yo kapab pou pwoteje tèt yo ak vwazen yo pandan n ap kontinye jere pandemi sa."

Varyant P.1 an te premye detekte Etazini nan fen janvyè, epi Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo ap repòte 48 ka nan tout peyi a. Varyant P.1 an te deziyen yon "varyant preokipasyon," ki vle di, gen prèv yon ogmantasyon nan transmisyon, maladi ki pi grav ak pwobablite pou diminye efikasite tretman oswa vaksen yo. Men, pandan lòt rechèch la garanti, chèchè nan Inivèsite Oxford te pibliye dènyèmman done kamarad yo pa evalye ki endike ke varyant P.1 an ka mwen rezistan a vaksen aktyèl la ke sa yo te panse okòmansman an.

Sant Wadsworth ap chèche aktyèlman sekans espesimenn viris COVID-19 nan yon pousantaj apeprè 90 pa jou epi ki gen sekans plis pase 8,200 echantyon viris nan tout eta a. Pifò espesimenn yo te chwazi owaza toupatou nan eta a pou asire gen reprezantasyon jewografik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)